

## NEBIHI SIFAT HASAD

Dening : Aenu Rofiah, S. Ag (PAIF Kab. Kendal)

Khutbah I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي وَفَّقَ مَنْ شَاءَ مِنْ خَلْقِهِ بِفَضْلِهِ وَكَرَمِهِ، وَخَذَلَ مَنْ شَاءَ مِنْ خَلْقِهِ بِمَشِيئَتِهِ وَعَدْلِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَلَا شَيْبَةَ وَلَا مِثْلَ وَلَا نِدَّ لَهُ، وَلَا حَدَّ وَلَا جُثَّةَ وَلَا أَعْضَاءَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَحَبِيبَنَا وَعَظِيمَنَا وَقَائِدَنَا وَقُرَّةَ أَعْيُنِنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، وَصَفِيَّهُ وَحَبِيبَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ وَآلِهِ، وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ. أَمَّا بَعْدُ، فَلِنِي أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ الْقَائِلِ فِي مُحْكَمِ كِتَابِهِ : إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ .

### Hadirin Jama'ah Jum'at Rahimakumullah

Sedoyo puji soho syukur sumonggo tansah kita haturaken dumateng Allah Subhanahu wa Ta'ala, dinten puniko kita tasih dupun panggihaken dinten engkang muyol nun inggih dinten Jumat, panggenan lan wekdal engkang mulyo engkang sae kagem bermunajat.

Mugi-mugi kanti syukur lan ketaqwaan engkang tansah kita jagi soho kita tingkataken, kita sedoyo dados tiyang-tiyang engkang dipun mulyaaken dining Allah, dados tiyang engkang Muttaqin lan syakirin, nun inggih tiyang engkang bertaqwa lan tiyang engkang bersyukur.

### Hadirin Jama'ah Jum'at Rahimakumullah

Wonten setunggal wekdal, wonten ing masjid Rasulullah SAW paring sabdo pangandikan dateng para sahabat:

يَطَّلِعُ عَلَيْكُمْ الْآنَ رَجُلٌ مِنْ أَهْلِ الْجَنَّةِ


"bakal metu/tumeko ing atase siro kabeh sopo wong lanang ahli suwargo." Sabda Rasulullah SAW meniko temtu andadosaken penasaran. Para sahabat sami peanasaran sinten to ahli suwargo engkang di ngedikaaken kanjeng nabi kolo wau. Mboten ngantos dangu, para sahabat mirsani setunggal tiyang jaler Anshar kanti wajah engkang teles. Toya wudlu tumets sangking janggutipun. Tanganipun nyangking sepasang sandal. Mboten wonten engkang spesial secara fisik/ toto lahire saking tiyang kolo wau.

Para sahabat sami penasaran alasan menopo engkang ndadosaken tiyang kasebat dados penghuni suwargo.

Ngantos enjangipun raos penasaran sangking para sahabat kalo wau dereng pikantuk jawaban. Rasulullah ngucapken hal engkang sami. "bakal metu/tumeko ing atase siro kabeh sopo wong lanang ahli suwargo ". Para sahabat tambah penasaran, sinten malih tiyang engkang dipastekaken ngraosaken ni'matipun suwargo engkang abadi meniko?.

Ananging, justru tiyang jaler kanti wajah engkang teles toya wudhu lan ngasto sandal sandal niku malih engkang medal. Para sahabat sang soyo penasaran ananging mboten wanton tangklet dateng Rasulullah.

Hingga ngantos tigang dinten, Rasulullah ngucapken hal engkang sami. Hananging tetep mawon tiyang jaler kolo wau engkang medal. Para sahabat lajeng yakin tiyang jaler nikulah calon penghuni surga. Ananging



mboten wonten engkang mangertosi alasan rahmat Allah nglebetaken tiyang jaler kolo wau dateng suwarganipun.

Porosahabat tetap ngraos ewuh menawi bade tangklet alasan dateng kanjeng Rasulullah. Para sahabat terus dirundung keingintahuan. Salah setunggalipun sahabat engkang sanget penasaran inggih meniko Abdullah bin Amr bin Ash. Piyambakipun milih inisiatif kagem kagem nggolek ngertos piyambak.

Abdullah bin Amr bin Ash lajeng nderek tiyang jaler calon penghuni surga kolo wau sahingga dumugi dateng griyanipun.

Abdullah berpikir kados pundi carane supadaos sagem mangertosi amalan punopo engkang nyebabaken tiyang kolo wau pikantuk keistimewaan penghuni surga. Abdullah lajeng matur nyuwun izin ginep kanti maqsud spados mangertosi amalan si penghuni surge kolo wau. Si penghuni surga kasebat kanti remen nyambut Abdullah. Pramilo Abdullah lajeng nginep wonteng daleme calon penghuni surga kolo wau tigang dinten.

Sak lebetipun nyipeng, Abdullah mengamati setiap ibadah lan amalan engkang dipun lampahi si calon penghuni surga. Hari pertama, Abdullah mboten manggihi wontenipun amalan engkang spesial saking tiyang kolo wau. Hari kedua, ibadahipun ugi tasih sami mboten wonten engkang istimewa.

Hingga dinten terakhir, Abdullah ugi mboten manggihaken ibadah engkang luar biasa saking tiyang jaler engkang berhasil meraih keutamaan surga kasebat. Abdullah naming ningali ibadah tiyang jaler kolo wau namung nglampahi ibadah wajib mawon. Wonten ing tengah ndalu nggih mboten tangi salat Tahajud. Tiyang jaler kolo wau ugi mboten poso sunnah.

Abdullah namung mireng tiyang kasebat sesekali dzikir lan maos takbirnalikane nglilir saking tilemipun, tiyang kolo wau nembe wungu saat

waktu salat subuh. Abdullah ugi mboten nate mireng tiyang kasebat ngomong kejawi ucapan engkang sae.

Tigang dinten sampun kliwat tanpa manggihaken jawaban amalan nopo-nopo. Ketika izin wangsul saksampunipun nyipeng 3 dinten, Abdullah matur maqsudipun nyipeng meniko pingin mangertosi keutamaan amalan engkang dilampahi tiyang kolo wau sahingga beruntung dados salah setunggalipun penghuni surgane Allah.

Dateng tiyang kolo wau Abdullah ngaturaken, tujuan Abdullah nyipeng inggihmenikokeranten pingin mangertosi amalan engkang ndadosaken dados penghuni surga, kados engkang dipun sabda pangandikan Rasulullah. Abdullah bermaksud kanti ningali amalane nikulan bade niru.

Tiyang jaler kolo wau mesem lan mangsuli "Aku ora nduweni amalan opo-opo, kejobo opo kang wus mbok tingali 3 dino iki." Jawaban kolo wau mboteng sagem muasakan dateng manahipun hati Abdullah ibn Amr.

tiyang jaler kolo wau matur "Amalanku hiyo mung opo kang wus mbok tingali, mung wae aku ora tau curang karo sopo wae. Aku ugo ora tau iri utowo hasud marang wong liyo atas kanugrahan kang den paringake Allah marang wong liyo"

mireng jawaban kasebat, Abdullah bin Amr bin Ash ta'jub. Piyambakipun yakin bilih sifat mboten pernah iri, dengki, lan hasad nikilah engkang ndadosaken tiyang jaler meniko pikantuk predikat calon penghuni surga.

Lajeng piyambakipun isin keranten katah saking kaum muslimin engkang mboten merhatosaken akhlak kasebat. Mboten namung ibadah mawong engkang sagem ndumugeaken manungsa ngraosaken surgane Allah, ananging ugi amal kesaenan termasuk sifat lan akhlakul karimah.

Mboten sia-sia Abdullah nyipeng tiga dinten sareng kalayan sang calon penghuni surga. Kerantenpikantuk pelajaran engkang patut dipun conto mkagem pribadinipun piyambak lan kaum Muslimin secara umum.

**Hadirin Jama'ah Jum'at Rahimakumullah**



Adidasar kisah kasebat, katah pelajaran engkang saget dipun pundut dining kaum Muslimin. Sifat hasad, iri lan dengki, sanget dipun larang agami Islam. Bahkan, saking kisah meniko, ketingal bilih tiyang engkang mboten nggadahi sifat hasat, iri lan dengki minongko calon penghuni suwargane Allah.

Hasad saget dipun ibarataken sebuah benda yang tidak terlihat secara kasat mata. Ananging kawontenanipun justru anggadahi pengaruh lan dampak engkang luar biasa serta bahaya engkang langkung ganas dibanding perkawis engkang ketawis mata. Meski hasad tidak terlihat secara kasat mata, namun efek terhadap jiwa dan tatanan sosial sangat nyata.

Rasulullah bersabda betapa bahayanya hasad :

إِيَّاكُمْ وَالْحَسَدَ فَإِنَّ الْحَسَدَ يَأْكُلُ الْحَسَنَاتِ كَمَا تَأْكُلُ النَّارُ الْحَطَبَ

Artinya: "Jauhkanlah dirimu dari hasad karena sesungguhnya hasad itu memakan kebaikan-kebaikan sebagaimana api memakan kayu-bakar." (HR. Abu Dawud).

Hasad meniko kejahatan tersembunyi engkang saget mbahayani manungsa. Allah sampun perintahaken kita supados nyuwun perlindungan saking bahaya hasad.

وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ

"Dan dari kejahatan orang yang dengki apabila dia dengki" (Q.S. Al-Falaq: 5)

Secara psikologis, hasad nggadahi pinten-pinten dampak, ing antawisipun bilih hasad membentuk jiwa engkang mboten purun mensyukuri nikmat engkang dipun paringaken dening Allah (kufur nikmat). Tiyang engkang hasad meniko tiyang engkang nyiksa diri piyambak keranten atine mboten

tenang engkang disebabkan tukulipun rasa mboten nyaman atas kebahagiaan tiyang sanes.

Saking hasad milo bade muncul ghibah, fitnah lan sanesipun engkang saget nimbulaken perpecahan dalam keluarga soho ikatan persaudaraan sesama dalam jangka waktu yang tak terbatas. Hasad inggih meniko ngarepaken nikmat engkang dimiliki tiyang sanes lan ngarepake nikmat kasebat pindah dateng piyambak'e. Hasad berawal saking sikap mbotent trima nikmat engkang dipun paringaken Allah, keranten ningali tiyang sanes diparingi nikmat engkang dianggep langkung ageng. Hasad ugi saget timbul menawi tiyang nganggap awak'e luwih berhak merkoleh nikmat dibanding wong liyan.

Mugi-mugi kita dipun selametaken Allah SWT saking sifat hasad lan saget ndadosaken sebab kita dipun lebetaken dateng suwarganipun Allah SWT. Amiin Ya Robbal Alamin.

وَاللَّهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى يَقُولُ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، وَمَنْ أَرَادَ  
الْآخِرَةَ وَسَعَى لَهَا سَعْيَهَا وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَئِكَ كَانَ سَعْيُهُمْ مَشْكُورًا.  
وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

## Khutbah II

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ ثُمَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا  
شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الَّذِي لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ.  
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ

بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي  
بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ  
يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا.  
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ  
لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ  
وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْقُرُونَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ  
وَسُوءَ الْفِتَنِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَن بَلَدِنَا إِنْ دُونِيسِيَا  
خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ  
حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا آتِنَا فِي  
الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ  
الْعَالَمِينَ عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى  
وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ،  
وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ  
اللَّهِ أَكْبَرُ